

# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

## Paskah Nu Mimiti



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku: Janie Forest

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Disaluyukeun ku: Lyn Doerksen

Carita nomer 54 dugi 60



[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

*Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu,  
salami sanes kanggo tujuan komersil.

Sundanese

Ibu eta tatih di gunung anu rame ku  
jalma-jalma, anjeuna sedih  
pisan, ningal kajadian  
anu matak getir.  
Putra-Na pupus.  
Ibu eta teh  
namina Maria,  
Anjeuna tatih  
caket sareng  
tempat Yesus  
dipaku  
dina salib  
atanapi  
kai palang.




Naha bet kieu  
kajadianana? naha  
Yesus kedah pupus  
sapertos kieu? Naha  
Gusti Allah  
ngawidian  
Yesus dipaku  
dina salib?  
Naha Yesus  
the tos kalakukeun  
kasalahan kitu?  
kunaon bet sapertos  
kieu? Naha Gusti  
the gagal kitu ?



Henteu! Gusti teu pernah gagal. Yesus teu midamel kasalahan nanaon. Yesus oge terangeun yen Anjeuna bakal pupus ku jalma-jalma jahat.

3



Sababaraha dinten sateuacan Yesus pupus teh, aya hiji istri dongkap ka Yesus teras sampean Yesus diminyakan ku istri eta nganggo minyak seungit. "manehna mah miceunan duit" saur murid-murid Yesus teh, protes. "Maneh geus ngalakukeun naon anu hade" Yesus ngawaler. "manehna milampah ieu teh pikeun dikuburna Kami" saur Yesus deui, ngucapkeun kalimah anu rada aneh.

4

Saatos eta, Yudas salah sahiji ti dua belas murid Yesus ngahianat Yesus. Manehna rela dibayar 30 keping perak ku imam-imam, asal tiasa masrahkeun Yesus.



5



Dina dinten perjamuan paskah Yahudi, Yesus tuang sareng murid-muridna, tah ieu the dinamian perjamuan, harita teh mangrupikeun perjamuan anu terahir. Anjeuna nyarioskeun hal-hal anu luarbiasa ngeunaan Gusti Allah sareng jangji-jangji Gusti kanggo saha wae anu mikanyaah ka Gusti.

6



Salajengna Yesus masihkeun roti sareng anggur sacangkir ka murid-muridna. Hal ieu teh ngemutkeun kana getih sareng daging Yesus anu dipasihkeun ka saha wae supados dosa-dosana dihapunten.

7

Salajengna Yesus nyarios ka rerecanganana yen Anjeuna bade diserenkeun, sareng deui sadaya murid-Na bakal ngantunkeun Yesus "Sim kuring moal dugika ngantunkeun Anjeun" Saur Petrus teh ka Yesus "Saacan hayam kongkorongok, maneh bakal geus tilu kali teu wawuh ka Kami" saur Yesus.




8



Tos kitu, dina wengi eta keneh, Yesus angkat ka taman Getsemani. Murid-murid anu nyarenganana kalahka kaboboan "nun Rama" Yesus ngadoa "manawi kenging mah ieu lumur eusi kasangsaraan teh singkirkeun ti Abdi, nanging ulah numutkeun panuhun abdi, kedah numutkeun pangersa Ama."


9

Nuju kitu ujug-ujug aya jalmi anu seueur muru ka Tamn eta, jalmi-jalmi eta teh prajurit anu dipimpin ku Yudas ka taman eta, bade nyandak Yesus. Yesus teu ngalawan, tapi Petrus megatkeun cepil salah saurang prajurit eta. Cepil eta prajurit ku Yesus di candak, teras ditapelkeun deui ka eta prajurit the.



10


Jalmi anu seueur eta teh nyandak Yesus ka bumina imam agung. Di eta tempat para pamimpin Yahudi nyarios yen Yesus the kedah dihukum pati.



Teu tebih ti eta tempat Petrus tatih di caket pamirunan badega bari ningal.

11

Tilu kali jalmi -jalmi ningal ka Petrus teras nyaur "Anjeun tah anu babarengan jeung Yesus!" Tilu kali oge Petrus ngangken teu kenal ka Yesus dugika susumpahan nyariosna Petrus teh.



12


Saatos kitu hayam kongkorongok. Eta teh sapertos suanten Gusti kanggo Petrus mah. Emut kana cariosan Yesus, teras Petrus nangis tarik pisan.




13

Yudas oge ahirna

mah hanjakaleun. Manehna terang yen Yesus teh teu ngalakukeun kasalahan. Yudas masihkeun artos anu 30 keping perak tea ka imam-imam, tapi imam-imam oge alimeun nampi deui eta artos the.



14




eta artos teh ku Yudas dialungkeun, manehna teras kaluar ti bumi, teras ngagantung maneh nu ahirna maot.

15




Imam-imam nyandak Yesus ka Pilatus, gubernur Roma. Pilatus nyarios kieu "Kaula teu manggihan aya kasalahan ti Jalma ieu" tapi jalma rea tetep ngajorowok "salaibkeun! salibkeun!"

16




Imam-imam nyandak Yesus ka Pilatus, gubernur Roma. Pilatus nyarios kieu "Kaula teu manggihan aya kasalahan ti Jalma ieu" tapi jalma rea tetep ngajorowok "salaibkeun! salibkeun!"

17



Yesus terang yen Anjeuna bakal pupus kucara sapertos kitu. Anjeuna oge terang yen pupusna teh nyandak panghampura kanggo dosa umat manusa anu percanten ka Anjeuna. Dua jalma jahat disalib digigireun Yesus. Anu saurang percanten ka Yesus teras angkat ka surga, tapi anu hiji deui mah henteu.

18



Saatos sababaraha jam kasiksa, Yesus nyarios "Geus tutas" teras Anjeuna pupus. Padamelanana tos lengkep, rancanganana ngurebkeun Yesus di pamakaman pribadi.


19



Teras eta kuburan teh disegel sareng dijagaan ku prajurut-prajurit Roma. Ayeuna mah teu aya surang oge anu tiasa lebet kana eta kuburan teh ...


20

Upami ieu mangrupikeun ahir tina carita ieu, tangtos karaos sedih pisan. Tapi Allah ngadamel hiji hal anu luar biasa. Yesus teh heunteu salalamina maot.



21

Enjing-enjing dina dinten anu kahiji minggu eta, sababaraha urang ti murid Yesus mendakan yen batu anu dianggo nutupan kubur teh tos ngaguling. Waktos aranjeuna ningal ka lebet, Yesus teh tos



teu aya deui dina tempatna.

22

Saurang istri teras bae nangis dikuburan Yesus. Teras Yesus ningalikeun Dirina ka eta istri teh. Eta istri ngaraos bungah pisan, anjeuna enggal - enggal uih, bade nyarioskeun ka rerecanganana yen Yesus teh gugah tina maotna. "YESUS HIRUP, YESUS GUGAH



TINA MAOTNA!"

23

Enggal-enggal Yesus sumping ka murid-murid-Na, Yesus ningalikeun ka murid-murid-Na liang tilas paku anu matak pikagetireun dina panangana-Na. YESUS HIRUP DEUI! Anjeuna ngahapunteun Petreus anu tos ngangkeun teu kenal ka Yesus. Teras Yesus oge nyarios ka murid-murid-Na, supados ngawartakeun ka jalmi sanes ngeunaan saha Yesus teh. Salajengna Yesus uih deui ka surga.

24

Paskah Nu Mimiti

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 26-28, Lukas 22-24,  
Yohanes 13-21

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunteun sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahirupan sim abdi, hapunteun sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyun sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin.

Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!